

Rezime Pwogram Èd Finansye Lopital Helen Hayes

Lopital Helen Hayes (HHH) pran angajman pou l bay plizyè fòm asistans finansye, ke yo rele tou swen charitab (CC), pou pasyan ki kalifye ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ki te resevwa sèvis medikal nan HHH epi ki abite nan zòn sèvis prensipal (PSA) HHH, ki gen ladan l Konte Rockland, Orange, Putnam ak Westchester nan Eta Nouyòk la. Asistans finansye a gen ladan l yon seri de benefis ki sòti nan swen gratis, swen stratifye ki gen rabè, plan pèman ak asistans ak obligasyon asirans. Daprè misyon nou ak egzijans leta ak federal nou yo, HHH fè efò pou asire kapasite finansye moun ki bezwen sèvis sante yo pa anpeche yo chèche oswa resevwa swen. Yo pa ka refize w swen paske ou bezwen asistans finansye. Ou ka mande yon rabè kèlkeswa sityasyon imigrasyon an.

Pasyan k ap chèche CC dwe enskri pou pwogram nan. Pou elijib pou pwogram nan, revni aplikan an dwe satisfè gid pwovrete Federal ki anwo yo epi ou dwe ranpli yon aplikasyon ak tout dokiman sipò yo. Ou ka jwenn lis dokiman sipò yo sou sit entènèt HHH ansanm ak aplikasyon an. Ou ka jwenn yon demand tou lè w kontakte nou dirèkteman nan (845) 786-4786. Ou ka kontakte PFS ak nenpòt enkyetid oswa kesyon pou aplike, yon moun ap ede ou atravè tout etap yo.

Tablo Gid Rabè Lopital Helen Hayes

Tablo sa yo rezime kondisyon revni lopital Helen Hayes Charitable asistans finansye /pwogram swen pou sèvis swen medikal gratis oswa rabè. Chak graf yo pran nan direktiv federal ak eta epi mete ajou chak ane dapre direktiv yo.

Kondisyon pou swen medikal gratis:

| Gwosè Fanmi | Revni fanmi ki egal oswa mwens pase |
|-------------|-------------------------------------|
| 1 | Anba \$19,320 |
| 2 | Anba \$26,130 |
| 3 | Anba \$32,940 |
| 4 | Anba \$39,750 |
| 5 | Anba \$46,560 |
| 6 | Anba \$53,370 |
| 7 | Anba \$60,180 |
| 8 | Anba \$66,990 |

Kondisyon pou sèvis swen medikal 75% rabè:

| Gwosè Fanmi | Reveni fanmi ki egal oswa mwens pase |
|--------------------|---|
| 1 | Anba \$25,759.99 |
| 2 | Anba \$34,839.99 |
| 3 | Anba \$43,919.99 |
| 4 | Anba \$52,999.99 |
| 5 | Anba \$62,079.99 |
| 6 | Anba \$71,159.99 |
| 7 | Anba \$80,239.99 |
| 8 | Anba \$89,319.99 |

Kondisyon pou sèvis swen medikal 50% rabè:

| Gwosè Fanmi | Reveni fanmi ki egal oswa mwens pase |
|--------------------|---|
| 1 | Anba \$32,199.99 |
| 2 | Anba \$43,549.99 |
| 3 | Anba \$54,899.99 |
| 4 | Anba \$66,249.99 |
| 5 | Anba \$77,599.99 |
| 6 | Anba \$88,949.99 |
| 7 | Anba \$100,299.99 |
| 8 | Anba \$111,649.99 |

Kondisyon pou sèvis swen medikal 25% rabè:

| Gwosè Fanmi | Reveni fanmi ki egal oswa mwens pase |
|--------------------|---|
| 1 | Anba \$38,639.99 |
| 2 | Anba \$52,259 |
| 3 | Anba \$65,879.99 |
| 4 | Anba \$79,499.99 |
| 5 | Anba \$93,119 |
| 6 | Anba \$106,739.99 |
| 7 | Anba \$120,359.99 |
| 8 | Anba \$133,979.99 |

Moun ki gen revni ki pi wo a egzijans rabè 25% yo pa kalifye pou pwogram CC nou an. Si w pa ka peye fakti w la epi w pa satisfè kondisyon revni yo, yo ka ofri w yon plan pèman. Montan ou peye pa mwa a pral etabli avèk ou lè w kontakte PFS epi yo pral detèmine dapre revni ou ak bezwen ou.

Tout sèvis HHH ki nesèsè sou plan medikal yo kouvri ak rabè ki anwo yo. Sa enkli admisyon pou pasyan ekstèn ak pasyan ki entèn yo. Depans doktè prive yo ka pa kouvri. Ou ta dwe pale ak doktè

prive ou yo pou wè si yo ofri yon rabè oswa yon plan pèman. W ap jwenn enstriksyon detaye ak yon lis detaye dokiman ki nesèsè yo tache ak aplikasyon an. Osito ke yo resevwa demand ou an ak dokiman w yo, yo pral trete l epi w ap resevwa yon repons nan lespas 30 jou. Si w bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte w. Ou ka enskri nan pwogram nan anvan w pran yon randevou, lè w resevwa tretman oswa lè w resevwa yon fakti nan men HHH. Ou ka aplike pou pwogram nan pou jiska 120 jou apati de dènye tretman ou nan HHH. Ou ka fè apèl kont yon refi pou CC lè w ekri nou ak rezon ou yo pou rekonsiderasyon an ak dokiman sipò yo. Ou dwe resevwa yon apèl nan lespas 30 jou aprè ou resevwa yon refi. Ou ka revize tout règleman ak pwosedi CC yo sou sit entènèt HHH kote yo defini detay konplè pou referans.

Demann ak apèl yo ta dwe voye pa imèl bay:

Helen Hayes hospital
Patient Financial Services, Building 22
51-55 Rt. 9W
West Haverstraw, New York 10993

Si w bezwen kontakte nou pou asistans nenpòt ki lè, tanpri rele 845-786-4786.